

Pale ak doktè ou sou yon tès plonsi...

- ou te sèvi ak epis ak medikaman Ayivedik ki soti nan lòt peyi
- ou te soti nan yon peyi etranje pou vin Ozetazini resamman
- oswa yon moun w ap viv avèk travay avèk plon
- ou te renove oswa chanje yon kay ki te bati avan 1978; ou te sable oswa grate penti
- ou konnen dlo pòtab ou gen plon
- ou anvi manje epi ou manje tè, lakrè, potri, lacho, ak moso penti
- ou gen pastan ki riske, tankou tire, moulaj pyèj lapèch an plon oswa bal, fè vitray oswa potri
- ou t ap viv tou pre min plon, fondri, enstalasyon resiklaj batri oswa lòt fasilite ki itilize plon
- ou gen yon istwa nivo plon 5 mikwogram pou chak desilit oswa pi wo

Kesyon?

Rele: 937-7172445

Oswa imèl health@ccchd.com



Source: New York State Department of Health New York

Ou ansent?

Konsèy pou pwoteje nouvo ti bebe w la kont plon



Sa ou dwe konnen:

Plon se yon metal ki ka fè fanm ansent yo ak tibebe k ap devlope nan vant yo a mal. Li ka domaje sèvo a, ren yo, nè yo ak lòt pati nan kò a. Li ka lakòz foskouch, tibebe ki fèt tou mouri oswa difikilte pou vin ansent. Plon ka afekte konpòtman timoun yo epi fè li pi difisil pou yo aprann.

Plon ka rete nan kò yon fanm pou plizyè ane, epi apresya, manman an ka pase li bay tibebe a. Yon pwodwi ka gen plon, menmsi li pa nan lis la kòm yon engredyan.

Kèk fanm ansent gen anvi pou manje bagay moun pa dwe manje. Yo rele konpòtman sa a pika.

Kisa ou ka fè:

Si ou ansent oswa ou planifye pou ou vin ansent, mande doktè w la sou yon tès plon san.

Si ou te janm gen yon rezilta tès san plon ki 5 mikwogram pou chak desilit oswa pi wo, nouvo ti bebe ou a ta dwe pran yon tès plon anvan li kite lopital la.

Reziste entansyon pou manje bagay moun pa dwe manje. Bagay sa yo ka gen plon nan yo:



Lakrè



Tè



Potri

Evite pwodwi enpòte ki soti nan

Mwayen Oryan an, Amerik Latin, Azi di Sid, ak Lachin ki ka gen plon:



Epis, ki gen ladan timerik.



Anpil kalite sirèt.

Krèm po, ki gen ladan Yisaoguang Yaogua, Hondan ak Thanaka.



Makiyaj tankou Kohl (ki rele Surma oswa Kajal tou).



Potri ki kouvri ak plon. Pa sèvi ak yo pou preparasyon manje oswa pou sèvi manje.



Bijou pou kostim ki gen lò osinon an ajan ladan.

Fèy ak **medikaman Ayurvedik.**

